

**PANGARUH KACANDUAN INTERNÉT KANA MOTIVASI DIAJAR
SISWA SMK BINA WISATA LEMBANG**

(Survey dina Mata Pelajaran Karajinan jeung Kewirausahaan kelas XI Program
kaahlian Administrasi Perkantoran Semester Ganjil Taun Ajaran 2021-2022)

Ku

**Gloria Febriyanti Tewuh
175020086
RINGKESAN**

Panalungtikan ieu mibanda tujuan pikeun mikanyaho: (i) pamakéan internét siswa kelas XI Administrasi Perkantoran dina Mata Pelajaran *Prakarya dan Kewirausahaan* di SMK Bina Wisata Lembang (ii) tingkat motivasi diajar siswa kelas XI Administrasi Perkantoran dina Mata Pelajaran *Prakarya dan Kewirausahaan* di SMK Bina Wisata Lembang (iii) sabaraha pangaruh kacanduan internét kana motivasi diajar siswa kelas XI Administrasi Perkantoran dina Mata Pelajaran *Prakarya dan Kewirausahaan* di SMK Bina Wisata Lembang. Méthode anu digunakeun nyaéta méthode survéy kalawan pendekatan kuantitatif ku cara ngadistribusikeun angkét pikeun ngumpulkeun data. Hasilna nuduhkeun: (i) Kacanduan internét siswa disebutkeun alus kalawan rata-rata skor 3,50 kasebutkeun rendah, hartina siswa ngajawab teu satuju kana pernyataan négatip (ii) tingkatan motivasi siswa disebutkeun alus kalawan skor rata-rata 3,80 (iii) aya pangaruh kecanduan internét kana motivasi diajar siswa nyaéta 20,3%. Saran anu ditepikeun ku panalungtik pikeun: (i) siswa, dipiharep mampu ngagunakeun internét kalawan bener tur wijaksana sangkan bisa dijadikeun sumber diajar sarta dipiharep ku ayana internét siswa bisa ngaronjatkeun motivasi diajarna (ii) guru, dipiharep leuwih merhatikeun siswa dina ngagunakeun internét sangkan henteu disalahgunakeun jeung ngamotivasi siswa pikeun leuwih aktip dina diajar (iii) panalungtik saterusna dipiharep bisa dijadikeun bahan référénsi dina mangsa nu bakal datang harepan ngembang leuwih jero ambéh meunang hasil hadé deui.

Kecap Konci: Kacanduan Internét, motivasi diajar murid.